

## **BAB V**

### **PANUTUP**

#### **5.1 Kacindekan**

Kasenian kuda rénggong nya éta salah sahiji kasenian masarakat anu mangrupa wangun pawai atawa helaran. Ieu kasenian téh tumuwuh di Sumedang, Di Désa Cikurubuk Kecamatan Buahdua. Kiwari kasenian téh geus sumebar ka unggal daérah atawa wewengkon di Jawa Barat. Kasenian ieu téh sok ngajanggélék dina acara budak sunatan jeung deui kiwari mah ieu kasenian téh geus jadi pintonan dina acara féstival atawa acara dina TV. Ieu téh nandakeun yén kasenian kuda rénggong téh geus jadi komediti para wisata.

Lamun diilikan deui, moal nutup kamungkinan ajén-ajén nu aya dina kasenianana sorangan bisa leungit sabab di dieu anu jadi hal utamana, kumaha carana sangkan bisa nyugeumakeun para wisatawan. Hal ieu luyu jeung Bapa Entah salaku pamingpin kasenian kuda rénggong “lingkung seni citra kencana” Kecamatan Katapang, Bandung. Anjeunna parantos kadongkapan tamu ti sababaraha statsion TV yén kasenian kuda rénggong pikeun tutumpakan budak sunatan jeung kuda rénggong keur pintonan dina TV (wisata) jelas bénten sabab aya sababaraha hal nu dileungitkeun samodél sasajén jeung ritual-ritualna. Tapi justru ku ayana hal éta ieu kasenian téh bisa dipikawanoh ku sakabéh masarakat Indonesia hususna Jawa Barat, sangkan masarakat bisa ngamumulé kana ieu kasenian.

Béda halna dina kasenian kuda rénggong pikeun tutumpakan budak sunatan, di dieu loba pisan ajén-ajén kasundaan pikeun *transformasi* pangaweruh keur budak sunatanna. Sabab sunatan salah sahiji upacara anu aya pakaitna jeung siklus kahirupan manusa, anu ngan sakali saumur hirup bakal dipilampah ku manusa hususna jalma Islam. Ku sabab kitu, kasenian kuda rénggong jadi hiji *momentum* pikeun budak sunatan dina *transformasi* budaya jeung ajén-inajén nu aya dina sabudeureun kasenian kuda rénggong, sabab dina prosés inisiasi ieu ku saurang budak bakal terus diinget jeung dipilampah dina kahirupanana nu bakal datang.

Ku sabab éta, perlu pisan pikeun urang saréréa sangkan ngajaga jeung ngariksa kana ieu kabudayaan atawa kasenian. Sangkan dina mangsa nu bakal datang, kasenian ieu masih bisa dipintonkeun dina acara-acara sunatan sarta sangkan ajén-inajén nu aya dina kasenian ieu bisa diwariskeun ka anak incu urang.

## 5.2 Saran

Nalungtik kasenian daérah loba pisan mangpaatna hususna pikeun panyusun. Dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa ngeuyeuban kana kajembaran kasenian tradisional anu aya di Jawa Barat hususna kasenian kuda rénggong. Sim kuring panyusun ngarasa ieu panalungtikan téh masih jauh tina kasampurnaan, sabab masih loba pisan nu acan kaguar dina ieu kasenian téh sabab dian upacara helaran kasenian kuda rénggong pikeun budak sunatan, aya sababaraha upacara saméméhna nu kudu dilakonan. Misalna upacara jarah, upacara rempugan, upacara ngangkat, upacara

ngamandian jeung nu pamungkas uapacara ngahelarkeun. Jadi upacara helaran kuda rénggong téh mangrupa salah sahiji bagian tina ritual sunatan. Kaharepna atuh kacida hadéna lamun seug kasenian ieu téh dituluykeun deui panalungtikannana. Widang garapanna anu leuwih husus deui sangkan leuwih apdol dina ngajén ieu kasenian.

